

Fèy Enfòmasyon Kominote Èpòt Massport Logan

EPA ETAZINI | PÈMI SELON LWA SOU DLO PWÒP LA

U.S. EPA AP CHÈCHE KONTRIBISYON PIBLIK

sou Pwojè Pèmi Lwa sou Dlo Pwòp pou Èpòt Massport Logan,
Sitiye nan East Boston

Nan dat 12 Avril 2021 an, EPA Etazini te livre yon pwojè pèmi NPDES selon Lwa sou Dlo Pwòp la (CWA) pou enstalasyon Èpòt Logan lan nan Massachusetts Port Authority (Massport), Pò Boston, Pò Enteryè Boston ak Bè Winthrop nan East Boston pou yon peryòd kòmantè piblik ki se 60 jou. Massport posede epi dirije Èpot Logan ki sèvi zòn metropolis Boston ak New England. Pèmi sa a, ki te livre pou dènye fwa an 2007, limite sa ki ka dechaje legalman nan Pò Boston, Pò Enteryè Boston ak Bè Winthrop epi espesifye mezi operasyonèl ki fèt pou kontwole polisyon apati èpòt la. Limit yo ak kontwòl yo pèmèt asire ke rejè yo pa deranje kalite dlo a, ni sante moun yo. Enstalasyon yo dwe kontwole rejè yo tout tan, ekri ki mezi yo pran pou kontwole epi toujou kominike rezulta sa yo bay EPA. Depatman Pwoteksyon Anviwònman nan Massachusetts ap livre yon pèmi similè bay enstalasyon sa a selon Lwa sou Dlo Pwòp eta a (Clean Waters Act).

AKTIVITE VITYÈL

EPA ap òganize de aktivite vityèl konsènan pwojè pèmi an.

Rankont Vityèl pou Enfòmasyon Piblik ak Kesyon/Repons

LENDI 10 ME 2021, 7PM

Odyans Piblik Fòmèl Vityèl pou Fè Kòmantè Oral yo

LENDI 24 ME 2021, 7PM

Vizite: <https://go.usa.gov/xH3tx> pou wè avi piblik la, pwojè pèmi yo, ak lòt dokiman ki asosye pou konnen kijan pou patisipe nan pwochen aktivite vityèl EPA ap òganize yo. Si w bezwen yon sèvis rezonab oswa si w bezwen tradiktè oswa entèprèt, tanpri kontakte: Eric Wortman nan (617) 918-1624 oswa wortman.eric@epa.gov.

ENSTALASYON AN

EPA ap livre yon pwojè pèmi pou Èpòt Massport Logan (MA0000787) nan moman sa a.

Massport se yon otorite piblik, endependan ki jere enfrastrikti transpò ayeryen ak transpò maritim nan Commonwealth of Massachusetts epi se li prensipal Titilè a. Anpil lokatè ak kontratyèl (ki refere kòm "operatè debaz fiks" (FBO)) rele "Ko-titilè."

kontinye >>

Pèmi an otorize Massport ak Ko-Titilè yo pou lage dlo lapli ki asosye ak aktivite endistriyèl yo apati divès devèsman (pwen rejè) nan èpòt la. Pèmi NPDES yo ekspire aprè senk lane epi aprè sa yo dwe renouvre yo. Massport te re-aplike pou yon novo pèmi epi pèmi ki ekspire aktyèlman an rete valab jisaske EPA libre yon novo pèmi.

Èpòt la okipe anviwon 2,400 ekta, ki genyen ladan 94 batiman, 6 pis, ak anpil lòt enstalasyon. Massport posede sistèm devèsman dlo lapli nan fwontyè pwopriyete èpòt la. Sistèm devèsman dlo lapli a genyen ladan egou dlo lapli, pis yo oswa lòt sifas enpèmeyab ki genyen sistèm drenaj, basen kaptaj, kanivo, bòdi, goutyè, fose, kanal ki konstwi oswa drenaj dlo lapli sou pwopriyete a.

Dlo lapli ki asosye ak aktivite endistriyèl yo genyen ladan devèsman de (1) zòn antretyen veyikil ak avyon yo; (2) zòn netwayaj ekipman yo; (3) avyon, pis, ak aktivite dejivraj ak aktivite anti-jivraj; epi (4) aktivite ravitayman de divès devèsman nan Pò Boston, Pò Enteryè Boston, ak Bè Winthrop. Gade Imaj 1 an pou jwenn yon kat ki afiche lokalizasyon sit la ak devèsman otorize ki mande kontwòl.

DLO K AP RESEVWA YO

Pò Boston, Pò Enteryè Boston, ak Bè Winthrop klase pa Commonwealth Massachusetts kòm plan dlo Klas SB, sa vle di kalite dlo sa yo dwe pèmèt moun mache ladan I, naje, peche, navige ladan li epi pou li gen pwason ak kominate lavi nan dlo ki an sante. Si gen yon plan dlo ki pa pèmèt aktivite sa yo, yo konsidere li "pa de kalite." Dlo k ap resevwa yo diminye epi p ap sipòte itilizasyon yo paske polyan tankou kolifòm fekal ak bakteri Enterococcus, oksijèn ki disoud, ak PCB nan tisi pwason.

KOMINOTE VWAZEN YO

Enstalasyon an toupre kominate Boston, Winthrop, Chelsea, Everett, ak Revere. Popilasyon ki genyen fèb revni ak popilasyon minorité ki genyen enkyetid konsènan jistis anviwònmantal kapab rezide nan kominate sa yo. EPA ap fè sansiblizasyon ki amelyore nan kad pwosesis livrezon pèmi an, ki genyen ladan fè yon rankont piblik vityèl nan dat 10 Me a, pou asire bon jan reprezantasyon epi pèmèt patisipasyon piblik ki efikas nan pwosesis la.

KONDISYON PWOJÈ PÈMI NPDES YO

Yon fwa yo emèt yon pèmi final, pwojè pèmi EPA a pral ranplase pèmi 2007 la epi pral regle dlo lapli ki asosye ak aktivite endistriyèl la. Pwojè pèmi an espesifye prelevman woutin ak egzijans pou analiz pou bay enfòmasyon aktyèl, enfòmasyon reprezantatif nan nivo polyan k ap devèse soti nan èpòt la. Pwogram kontwòl la pral pèmèt EPA evalye karakteristik aflyan èpòt la, detèmine si devèsman yo respekte limit pèmi yo, ak si kondisyon pèmi adisyonèl kapab nesesè alavni pou asire ke konfòmite avèk nòm ki baze sou teknoloji ak nòm ki baze sou kalite dlo a selon Lwa sou Dlo Pwòp la (CWA).

Anplis de kontwòl devèsman pèmanan pou plizyè paramèt, pwojè pèmi NPDES la genyen ladan egzijans pou

- Kontinye mizannèv Plan Prevansyon Polisyon Dlo Lapli a (Stormwater Pollution Prevention Plan, SWPPP) ki genyen ladan pi bon Pratik sou Jesyon yo (BMP) pou:
 - Idantifye ak Redwi Sous dejivraj ak Sous Anti-Jivraj yo
 - Idantifye ak Redwi Rejè Ilisit Potansyèl yo
 - Idantifye ak Redwi Sous Kabiran ak Lwil
 - Minimize ak Redwi Sous Eliminasyon Kawotchou yo
- Massport ak lokatè Ko-titilè ki fè dejivraj pou reyalize Plan Rediksyon Rejè Dejivraj la (Deicer Discharge Reduction Plan, DDRP) pou evalye ak reyalize mezi rediksyon glikòl pandan dire Pèmi sa a, ki mande soumisyon yon Rapò Rediksyon Glikòl Anyèl.

- ▶ Massport pral fè prelèvman pou sibstans Per- ak polyfluoroalkyl (PFAS) nan plizyè devèsman. EPA ap kolekte enfòmasyon sa yo pou evalye enpak potansyèl ke rejè PFAS apati èpòt la kapab genyen sou itilizasyon rekreyatif ak lavi akwatik yo.
- ▶ Respè sou limit bakteri yo jan sa espesifye pa Nòm Kalite Dlo Massachusetts la (Massachusetts Water Quality Standards) ak Chaj Kotidyen Maksimal Total pou Patojèn Final la nan Pò Boston lan (Oktòb 2018).

KÒMANTE SOU PWOJÈ PÈMI AN

Pandan rankont vityèl EPA ap fêt 10 Me 2021 an pou enfòmasyon publik la, EPA ap prezante yon apèsi Pwojè Pèmi an epi l ap reponn a kesyon pou bay eklèsisman pou moun k ap patisipe nan reyinyon an. Pandan odyans publik fòmèl vityèl EPA a nan dat 24 Me 2021, EPA ap aksepte kòmantè oral sou Pwojè Pèmi yo ak nan men tout moun ki enterese. Publik la ka prezante kòmantè fòmèl alekri, pa imèl oswa pa kourye òdinè, oswa aloral tou pandan odyans publik vityèl 24 Me 2021 an. EPA dwe resevwa tout kòmantè ekri yo oswa voye yo ak so lapòs oplita 11 Jen 2021. Sonje EPA p ap reponn ni kòmantè, ni kesyon ki pa gen rapò ak pwosedi a pandan odyans publik vityèl 24 Me 2021 an, men EPA ap reponn alekri tout kesyon enpòtan ki poze pandan peryòd kòmantè publik yo alekri lè EPA ap bay Pèmi Final la.

Rankont Vityèl pou Enfòmasyon Publik 10 Me 2021

Odyans Vityèl Fòmèl Publik 24 Me 2021

Dat Limit pou Resevwa Kòmante sou oswa Dat So Lapòs 11 Jen 2021

FÈ KÒMANTÈ


Peryòd kòmantè publik EPA a ouvri soti 12 Avril 2021 pou fini 11 Jen 2021. Yo dwe resevwa tout kòmantè yo oswa voye yo ak so lapòs oplita 11 Jen 2021

Voye kòmantè ekri yo nan imèl bay: papadopoulos.george@epa.gov

Oswa pa lapòs nan:

George Papadopoulos, EPA Region 1
5 Post Office Square, Suite 100 (06-1)
Boston, MA 02109

Imaj 1 - Lokalizasyon Èpòt Logan nan ak Devèsman ki Otorize



© 2021 Microsoft Corporation, © 2021 Maxar, ©CNES (2021) Distribution Airbus DS